

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun Rosidi (2009, kc. 27) kecap sastra hartina hukum, aturan palanggeran. Istilah sastra di dieu dihartikeun sarua jeung “*literature*” nyaéta hiji cabang seni anu ngagunakeun basa minangka médiana, nu aya patalina jeung kréativitas éstétis manusa nu gumelar dina basa. Sastra eusina lain baé fiksi (rékaan), tapi ogé minangka ébréhan rasa, pikiran, gagasan, pangaweruh, jeung gambaran sosial masarakat nu ngawengku norma jeung aturan hirup.

Luyu jeung pamadegan Teeuw (2013, kc. 20), nu nétélakeun yén *sastra* asalna tina basa Sangsekerta, hartina buku pangajaran; élmu pangaweruh; naskah; atawa buku-buku suci, kiwari éta harti téh jadi ngaheureutan. Ari nurutkeun Iskandarwassid (2017, kc. 138), anu kiwari disebut sastra nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa, boh lisan boh tulisan. Basa dina karya sastra dipaké (alat) pikeun ngahontal ajén-inajén éstétis (kaéndahan).

Ku lantaran alatna basa, nya anu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis nu kapimilik ku basa. Ari jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa, dina harti jembar, tina hasil ngolah unsur-unsur éstétis.

Wangun karya sastra nu mangrupa puisi, prosa, jeung drama, dina enas-enasna mah minangka produk sosial. Hartina, rékacipta sastrawan salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan minangka hiji kanyataan sosial, nu ngawengku hubungan antara individu jeung individu, individu jeung masarakat, masarakat jeung masarakat, sarta kajadian anu lumangsung dina batin hiji individu. Éta gambaran kahirupan téh gumulung dina karya sastra.

Sacara umum sastra boga fungsi *dulce et utile*, nyaéta éndah tur boga mangpaat (Horace dina Wellek jeung Warren, 1989, kc. 25). Éndah ngandung harti boga ajén éstétis nu patalina jeung rasa, sedengkeun boga mangpaat nyaéta méré guna jeung pangaruh positif pikeun kahirupan.

Lian ti éta, sastra ogé boga fungsi *didactic heresy*, nyaéta ngahibur sarta méré kasenangan (Poe dina Wellek jeung Warren, 1989, kc. 25). Jadi, sastra téh boga dua fungsi nyaéta *dulce et utile* jeung *didactic heresy*. Ieu dua fungsi téh dina karya sastra ngawangun hiji beungkeutan nu silih eusian tur silih lengkepan.

Sastra jeung masarakat raket pisan patalina. Ulikan ngeunaan kahirupan masarakat ditalungtik ku sosiologi. Anapon sastra minangka wadah rékacipta éstétis nu ngarékam kahirupan sosial masarakat. Sosiologi sastra asalna tina dua kecap, nyaéta "sosiologi" jeung "sastra". Sosiologi minangka talaah nu ilmiah tur objéktif ngeunaan individu jeung masarakat, lembaga-lembaga, sarta prosés-prosés sosialna, sedengkeun sastra hasil rékacipta sastrawan salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan minangka hiji kanyataan sosial tur ngagunakeun basa minangka médiumna (Swingewood dina Faruk, 2015, kc. 1).

Ari anu ngabédakeunana nyaéta sosiologi ngalakukeun analisis ilmiah tur objéktif, sedengkeun sastra nembus kana lulurung-lulurung kahirupan sosial jeung cara-cara manusa dina neuleuman kahirupan ngaliwatan rasana. Jadi, sosiologi sastra nyaéta talaah sosiologi ngeunaan hiji karya sastra. Ku kituna, ngaliwatan pamarekan sosiologi sastra dipiharep bisa ngabaladah kasang tukang munculna hiji karya sastra, nu patali jeung situasi katut kondisi tempat gumelarna éta karya¹.

Nurutkeun Damono (1978, kc. 9), pamarekan sosiologi mibanda harti nu sarua jeung sosiologi sastra, nyaéta pamarekan nu nimbang-nimbang aspék kahirupan masarakat, politik, ékonomi, sosial, budaya, réligi, jeung adat-istiadat. Biasana pikeun mikanyaho kondisi sosial, tempat, rupaning sistem, sarta ajén-inajén nu raket patalina jeung kamasarakatan—nu kalawan sadar atawa teu sadar dirékam dina hiji média nu mangrupa karya sastra—, bisa ngagunakeun pamarekan sosiologi.

Sastra téh eunteung tina kahirupan masarakat. Hartina, minangka wawakil tina jamanna nu diébréhkeun ku sastrawan ngeunaan sagala pasualan masarakat nu aya di sabudeureunana. Konsépsi atawa idé dasar kahirupan hiji lingkungan

¹ Ilikan Faruk, *Pengantar Sosiologi Sastra* (2015). Lahirna karya sastra raket pisan patalina jeung kahirupan sosial nu lumangsung dina jamanna: idéologi, kabudayaan, jeung norma sosial.

masarakat bisa ébréh dina jenggléngan karya sastra. Hubungan antara sastra jeung masarakat museur kana pamadegan De Bonald (dina Damono, 1978, kc. 19) nu nétélakeun, ”*Literature is a expression of society*”, yén sastra téh ébréhan rasa masarakat.

Lian ti éta, sastra téh bisa dipidangkeun tina ‘dasar matérial’ hiji masarakat, di antarana nyaéta ras, waktu, jeung lingkungan (Swingewood dina Suwondo, 2003, kc. 23). Cindekna, sastra lain lain sakadar imajinasi nu sipatna pribadi, tapi minangka rékaman tata cara jamanna. Ku kituna, hiji masarakat nu tangtu bisa disebut sumber asal-usul (génétik) prosés nyipta jeung lahirna sastra².

Ieu hal luyu jeung pamadegan Daiches (dina Damono, 1978, kc. 13), yén pamarekan sosiologi dina hakékatna mah minangka pamarekan génétik: nimbang karya sastra tina jihat sawangan asal-muasalna, boh nu sipatna sosial boh nu sipatna individual³.

Nurutkeun Wellek jeung Warren (1989, kc. 31), talaah sosiologi sastra boga tilu ambahan nyaéta: (1) *sosiologi pangarang*, nu masualkeun ngeunaan status sosial, idiologi politik, jeung hal-hal nu patalina ngeunaan pribadi pangarang; (2) *sosiologi karya sastra*, nu masualkeun ngeunaan karya sastra katut ma’na, tujuan, jeung kontéks nu dikandungna; jeung (3) *sosiologi sastra*, nu masualkeun ngeunaan nu maca jeung pangaruh karya di masarakat.

Hal éta ogé luyu jeung pamarekan sosiologi sastra nurutkeun Ian Watt (dina Faruk, 2015, kc. 4-5), yén sastra raket patalina antara téks, kontéks, subjék, jeung objék, nu boga tilu widang garapan, nyaéta kontéks sosial pangarang, sastra minangka eunteung masarakat, jeung fungsi sosial sastra.

Nyuméndér kana pamarekan sosiologi sastra nurutkeun Wellek jeung Warren nyaéta talaah sosiologi sastra, sosiologi pangarang, jeung sosiologi sastra, éta tilu talaah téh séwang-séwang boga widang garapan. Kahiji, *kontéks sosial pangarang*. Hal ieu raket patalina antara posisi sosial pangarang di masarakat

² Ilikan Suwondo, *Studi Sastra Beberapa Alternatif* (2013). Kamekaran paradigma sosiologi sastra miang tina pamikiran Hippolyte Taine, tokoh naturalis Perancis, nu nétélakeun yén sastra raket patalina jeung kondisi sosial masarakat.

³ Ilikan Damono, *Sosiologi Sastra Pengantar Ringkas* (1978). Pamadegan Daiches raket patalina antara fungsi sastra jeung aspék sosial lahirna karya sastra.

jeung masarakat nu maca karya, kaasup faktor-faktor sosial nu bisa mangaruhan pangarang salaku individu lian ti mangaruhan eusi karya sastrana sorangan. Nu jadi garapan panalungtikanana nyaéta: (a) kumaha pangarang meunang pakasabanana, naha narima bantuan sacara langsung atawa teu langsung; (b) nepi ka mana pangarang nganggap pakasabanana minangka hiji profési; jeung (c) masarakat mana nu dituju ku pangarang.

Kadua, *sastra minangka eunteung masarakat*. Nu jadi garapanana nyaéta: (a) nepi ka mana sastra ngagambarkeun masarakat, waktu éta karya sastra ditulis; (b) nepi ka mana sipat pribadi pangarang mangaruhan gambaran masarakat nu hayang ditepikeunana; jeung (c) nepi ka mana *genre* sastra nu digunakeun ku pangarang bisa dianggap wawakil sakabéh masarakatna.

Katilu, *fungsi sosial sastra*. Nu jadi garapan nyaéta: (a) nepi ka mana ajén sastra patali jeung ajén sosial; (b) ajén sosial bisa mangaruhan ajén sastra; jeung (c) nepi ka mana sastra ukur boga fungsi minangka panglipur wungkul.

Panalungtikan sosiologi sastra téh minangka prosés ngaguar ajén-inajén bebeneran dumasar kana konsép sosiologi⁴. Éta konsép-konsép téh di antarana interaksi sosial, kelompok masarakat, lembaga sosial, masalah sosial, jeung kabudayaan. Éta konsép baris katangén dina wangun sastra, utamana dina wangun novel.

Ari novel nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu, wanda novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi (Iskandarwassid, 2017, kc. 93).

Pangna novel dijadikeun subjék dina ieu panalungtikan lantaran novel dianggap réprésentatif dina maluruh kahirupan sosial masarakat dina jamanna. Sakumaha katerangan Abrams (1971, kc. 5), novel minangka “modél” kahirupan

⁴ Ilihan Ratna, *Tiori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra* (2012). Konsép sosiologi sastra dumasar kana hubungan karya sastra jeung masarakat: karya sastra dihasilkeun ku pangarang, pangarang bagian tina anggota masarakat, pangarang ngamangpaatkeun kabeungharan nu aya di masarakat, jeung karya sastra dimangpaatkeun deui ku masarakat.

manusa, najan imajinatif tapi bisa katitén mode-modél atawa pola-pola kahirupan anu hadé jeung goréng, sopan jeung kasar, moral jeung amoral, jrrd.

Éta hal téh luyu jeung pamadegan Teeuw (2013, kc. 181), novel atawa roman bisa dipaké pikeun tujuan panalungtikan élmu-élmu sosial, lantaran novel bisa dianggap mangrupa “dokumén sosial”. Ku kituna, kudu gemet dina nalungtik karya sastra téh, lantaran karya sastra hasil adu manis antara *mimesis* jeung *creation*, fakta jeung imajinasi. Anu dimaksud dokumén sosial lain harta ngandung fakta anu sabenerna, copélna informasi-informasi dina novel (najan hasil rékaan) dimangpaatkeun pikeun bahan tambahan data anu dicangking tina sumber anu dianggap kongkrit anu sipatna dokumén sosial.

Novel dina enas-enasna mah wangun karya sastra nu bisa méré gambaran ngeunaan rohang jeung waktu katut para tokoh anu béda karakterna, sarta loba jenisna. Para tokohna boga karakter séwang-séwangan anu patali jeung aspék-aspék kahirupan anu diéksprésikeun ku pangarangna. Ari anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta novel-novel Sunda karya Tatang Sumarsono.

Tinimbangan panalungtik milih novel-novel karya Tatang Sumarsono, lantaran dina sastra Sunda geus dipikawanoh yén Tatang Sumarsono minangka salasaurang pangarang kawentar tur karyana dianggap punjul, boh dina jihat kuantitas boh dina jihat kualitas. Tina jihat kualitas, sawatara novelna dilélér hadiah sastra. Ari tina jihat kuantitas, Tatang Sumarsono geus ngahasilkeun welasan novel.

Sakumaha katerangan Ajip Rosidi (*Manglé* No. 1442) nétélakeun yén Tatang Sumarsono mampuh nyieun carita maké latar sajarah cara anu geus dilakukeun ku pangarang saméméhna. Ieu usaha téh némbongkeun yén pangarang miboga kalaluasaan diimajinasi. Sajarah Sunda jeung pasualan sosialna, beunghar ku rupa-rupa kajadian anu bisa diréka jadi carita dumasar masalah manusa anu sering jadi téma karya sastra di rupa-rupa mangsa jeung bangsa.

Ari nurutkeun Usép Romli HM (*Manglé* No. 1847) nétélakeun yén novel Tatang Sumarsono ku kabeungharan data jeung karancingeusan merhatikeun sagala rupa aspék kahirupan manusa Sunda nu keur ngalaman transisi budaya,

kaitung gemet tur leukeun dina nyaritakeun kahirupan kampung jeung kota anu dipadungdengkeun kalawan éstétis. Plastis tur aktual. Pangarang ngasongkeun miniatur konflik sosial; jiwa patriotismeu bisa digadadékeun kana pameredih konsumtip anu timbul akibat aksés sosial, politik, jeung ékonomi anu geus teu kauger deui ku étika. Teu munasabah novel-novel Tatang Sumarsono dianggap punjul.

Tatang Sumarsono lahir di Tasikmalaya, 25 Januari 1956. Mimiti nulis ti keur SMA mula, taun 1974 karyana dimuat dina majalah *Manglé*. Nulis puisi, rumpaka lagu, prosa, naskah drama, éséy, laporan jurnalistik, buku biografi, jeung jeung sajabana dina dua basa, nyaéta basa Sunda jeung basa Indonésia.

Karya-karyana sumebar dina sababaraha kalawarta (koran, tabloid, jeung majalah) lokal jeung nasional. Lian ti éta, kacatet geus ngahasilkeun puluhan judul buku, nyaéta buku sastra (carita barudak, kumpulan carpon, jeung novel), buku biografi, buku pedaran paélman, sarta buku pangajaran anu ditulis babarengan (koléktif).

Tatang Sumarsono kaasup pangarang prosa nu produktif. Produktivitas nulisna karojong ku pagawéanana minangka wartawan tur aktif di sawatara organisasi sastra, seni, olahraga, atikan, jeung sosial nepi ka kiwari. Karya-karyana remen kasinugrahan hadiah sastra, di antarana kungsi dilélér Hadiah Sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda) taun 1991, 1992, 2003, jeung 2009; Hadiah Sastra *Manglé*; Hadiah Sastra DK. Ardiwinata taun 1993, 1994, 1995, 1998, jeung 1999; Hadiah Sastra PP-SS taun 2002; Hadiah Oetoen Moehtar taun 2000; Hadiah Sastra Samsudi taun 1993; jeung Hadiah Sastra Rancagé taun 1994 jeung 2001.

Novel-novel karya Tatang Sumarsono téh kaitung loba, tapi anu jadi objék dina ieu panalungtikan sosiologi sastra mah ngan diwatesanan lima novel, nyaéta *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020).

Ieu novel karya Tatang Sumarsono dipilih dumasar kana tinimbangan: (1) ayana garis nu manteng, boh dina wanda basana boh dina wanda caritana, di antara lima novelna; (2) opat di antara lima novelna kaasup karya petingan dina kasusastraan Sunda; (3) ieu lima novel téh sacara teu langsung ngagambarkeun galur hirup pangarangna; jeung (4) eusina ngagambarkeun ajén-inajén kahirupan nu jembar.

Ku naon opat di antara lima novelna dianggap punjul, lantaran kungsi dilélér hadiah sastra, di antarana nyaéta Hadiah Sastra Rancagé pikeun novel *Demung Janggala* taun 1994, Hadiah Sastra Oetoe Moehar taun 2000 pikeun naskah novel *Mandédurma*, jeung Hadiah Sastra D.K. Ardiwinata taun 1999 pikeun naskah novel *Galuring Gending* tuluy sanggeus jadi buku dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2001 (Rosidi, 2003, kc. 386).

Hal kawas kitu téh teu leupas tina pangaruh kahirupan pangarangna. Najan dikumahakeun ogé, kahirupan sapopoé pangarang tangtu bakal mangaruhan kana eusi karyana. Karya sastra dicipta tur diréka ku pangarang pikeun dibaca, dilenyepan, jeung dimangpaatkeun ku masarakat. Malah bisa disebutkeun yén antara sastra jeung manusa téh aya hubungan anu kausalitas ti antara duanana.

Sastra bisa mekar ku lantaran ayana éksisténsi manusa, jeung sastra ogé bisa mangaruhan kana individu manusa. Éta asumsi téh bisa muncul ku lantaran ayana kasadaran, yén sastra téh média anu subjéktif anu narékahan pikeun ngangkat pasualan réalitas objéktif anu aya di sabudeureun masarakat.

Dina karya sastra, utamana wangun novel, enas-enasna mah eusina téh minangka eunteung tina rasa, pangalaman, jeung pikiran pangarang dina hubunganana jeung kahirupan. Skétsa kahirupan anu kagambar dina novel bakal méré pangalaman anyar pikeun anu maca, alatan naon waé anu aya di masarakat teu sarua peresis jeung naon anu aya dina karya sastra. Éta hal bisa dihartikeun ogé yén pangalaman anu ditarima ku anu maca bakal mawa éfék sosial pikeun anu macana ngaliwatan tafsiran-tafsiranana. Anu maca bakal meunang hal-hal anu mungkin baé teu kaalaman dina kahirupanana.

Nurutkeun katerangan Hauser (dina Ratna, 2003, kc. 63), karya sastra leuwih gedé dipangaruhan ku masarakat batan mangaruhan. Sastra minangka gambaran kahirupan masarakat, saenyana gedé patalina jeung kalungguhan pangarang salaku anggota masarakat. Antukna, kalawan langsung atawa teu langsung daya hayal pangarang dipangaruhan ku pangalaman manusiawina tina lingkungan kahirupanana. Pangarang hirup tur ngahiji jeung individu séjénna dina komunitas masarakat. Ku sabab kitu, teu ahéng saumpama ayana interaksi tur interlasi antara pangarang jeung masarakat.

Sosiologi sastra bisa disebut salaku kritik mimétik, sabab minangka hiji kajian anu ngukur gambaran kahirupan dina hiji karya sastra. Anu ditalungtikna nyaéta hubungan antara aspék-aspék sastra jeung susunan kamasarakatan, lantaran sistem sosial kamasarakatan bisa mangaruhan hiji karya sastra.

Ahli sosiologi sastra boga pamadegan ngeunaan éta hal, maranéhna maké pamiangan tina hiji sawangan sosial kamasarakatan. Para ahli sosiologi miboga sikep kritis kana sistem masarakat anu keur lumangsung. Sikep kritis téh tumali jeung pangajén nu maca kana hiji karya sastra anu keur ditalungtik. Éta pangajén téh lain wungkul norma-norma sosial jeung étika, atawa saukur nangtukeun kumaha pangarang némbongkeun kaayaan sosial dina karya-karyana, tapi ogé ngajén kana sawangan pangarangna.

Jadi, bisa dicindekeun yén sosiologi sastra téh panginditanana tina disiplin élmu humaniora, anu notabéné taya patalina jeung sastra. Timbulna istilah sosiologi sastra ku sabab sastra raket pisan patalina jeung masarakat.

Lima novel karya Tatang Sumarsono di luhur ngandung masalah-masalah sosial nu kawilang jembar. Saupama ditalungtik leuwih gemet, baris ngahasilkeun fakta ngeunaan gejala-gejala sosial nu muncul, nu bisa ngajén éta karya sacara teu langsung dumasar ulikan sosiologi. Pikeun nyangking éta fakta, perlu diréalisasikeun dina wangun panalungtikan.

Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra mémang geus réa dilaksanakeun, tapi panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra nu husus medar tilu aspék sosiologi sastra dina sawatara novel ti saurang pangarang kaitung saeutik. Panalungtikan

ngeunaan sosiologi sastra di antarana "Aspék Sosiologi Sastra dina kumpulan Carpon *Nu Baralik Manggung* Karangan Nano S." (Skripsi Fery Timorocmadi, 2005); "Aspék Sosiologi Sastra dina Novel *Galuring Gending* Karangan Tatang Sumarsosno" (Skripsi Maesaroh, 2005); "Aspék Sosiologi Sastra dina Novel *Pangantén* Karangan Deden Abdul Azis" (Skripsi Neli Faridah, 2004); "Aspék Sosiologi Sastra dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* Karangan Holisoh M.E." (Skripsi Dewi Supriyatin Imanti, 2005); "Kajian Sosiologi Sastra kana Novel *Carios Agan Permas* Karya Joehana" (Skripsi Amelia Fauziah, 2008); "Analisis Perspektif Biografis kana Antologi Sajak *Jiwalupat* Karya Godi Suwarna: Panalungtikan Sosiologi Sastra" (Skripsi Dea Lugina, 2009); "Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon (*Murang-Maring jeung Serat Sarwasatwa*) jeung Novel (*Sandékala jeung Déng*) Karangan Godi Suwarna" (Skripsi Ari Andriansyah, 2009); "Sosiologi Sastra kana kumpulan Carpon *Oknum* Karangan Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA" (Skripsi Tika Yuanita, 2011); "Perspektif Biografis dina Novel *Kolébat Kuwung-kuwung Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* Karya Tatang Sumarsono" (Skripsi Sutisna, 2011); "Aspék Sosiologi Sastra dina Novel *Saeni* Karangan Hadi AKS." (Skripsi Prayoga Adiwisastra, 2014); jeung Ulikan Biografis kana Prosa jeung Puisi Karya Godi Suwarna" (Tésis Ahmad Hadi, 2013).

Anapon dina ieu panalungtikan nu béda jeung panalungtikan saméméhna, anu dipaluruh téh perkara tilu aspék sosiologi sastra (sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra) dina lima novel karya Tatang, nyaéta *Demung Janggala* (1993), *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian* (1995), *Galuring Gending* (2001), *Kakarén Révolusi* (2012), jeung *Mandédurma* (2020). Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé dirojong ku data tulisan séjénna anu sumebar dina média massa, jeung data lisan tina hasil wawancara jeung nu boga pamahaman sarta interprétasi ngeunaan karya sastra nu boga ajén.

Nilik kana panalungtikan-panalungtikan saméméhna, tangtu perlu ayana panalungtikan satuluyna boh ngeunaan sastra, boh ngeunaan karya Tatang

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumarsono, anu leuwih gemet tur jero medar pasualan sosiologi sastra. Dumasar kana éta hal, panalungtik méré judul kana ieu panalungtikan téh nyaéta “Ulukan Sosiologi Sastra dina Novel-novel Sunda Karya Tatang Sumarsono”.

1.2 Rumusan Panalungtikan

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan téh bakal diwatesan ukur maluruh sosiologi sastra dina lima novel Sunda karya Tatang Sumarsono, dumasar kana pamarekan sosiologi sastra Wellek jeung Warren, nyaéta sosiologi pangarang (status sosial, idiologi politik, jeung hal-hal ngeunaan pribadi pangarang), sosiologi karya sastra (ma'na, tujuan, jeung kontéks nu dikandungna), jeung sosiologi sastra (nu maca jeung pangaruh karya di masarakat).

Ari nu jadi bahan tinimbangan dipilihna pangarang Tatang Sumarsono, lantaran eusi carita karya-karyana medar tur ngungkab pasualan-pasualan kahirupan sosial nu raket patalina jeung kasang tukang katut pangalaman pangarangna. Sakumaha katerangan Ajip Rosidi (dina R.S, 2013, kc. 169-170) nétélakeun yén punjulna novel Tatang Sumarsono téh dina nembrakeun karakter warna-warni tokoh caritana, minangka gambaran kahirupan sosial. Pangarangna kalawan gemet dina maca kamekaran situasi sosial anu jadi latar caritana.

Ari nurutkeun Darpan (*Pikiran Rakyat*, 6 Méi 2001), novel-novel karya Tatang Sumarsono kaasup novel anu nenggang, lantaran témana nyaritakeun soal politik nu arang kapanggih dina téma-téma novel Sunda. Kritik sosial ka pamaréntah di unggal jaman, teu weléh hadir dina karyana. Ciri yén pangarang téh gemet tur réponsip kana sajarah jeung kamekaran sosial-politik.

Dumasar kana éta hal, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina ieu kalimah pananya di handap:

- 1) Kumaha aspék sosiologi pangarang novel *Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan*, *Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*?

- 2) Kumaha aspék sosiologi karya sastra novel *Demung Janggala, Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*?
- 3) Kumaha aspék sosiologi sastra novel *Demung Janggala, Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sosiologi sastra dina novel-novel Sunda karya Tatang Sumarsono nu raket patalina antara sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra. Déskripsina saperti nu di tétélakeun ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun aspék sosiologi pangarang novel *Demung Janggala, Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*.
- 2) Ngadéskripsikeun aspék sosiologi karya sastra novel *Demung Janggala, Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*.
- 3) Ngadéskripsikeun aspék sosiologi sastra novel *Demung Janggala, Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian, Galuring Gending, Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan téh aya sababarah hal, di antarana nyaéta:

- 1) Pikeun jihat paélman, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber référénsi keur mahasiswa basa jeung sastra, sarta akademisi sastra dina nalungtik sastra Sunda anu leuwih jembar;

- 2) Pikeun jihat lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda jeung jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;
- 3) Pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan; jeung
- 4) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber atawa bahan référénsi pikeun ngeunteung, napsirkeun, laju nangtukeun sorangan gagasan atawa idé dina nyawang kahirupan jeung pasualan-pasualan anu disanghareupan dina alam kiwari.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu panalungtikan téh ngawengku lima bab, nyaéta: Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan nyusun tésis. Bab II medar ngeunaan ulikan tiori panalungtikan (wangenan sosiologi sastra, ambahan ulikan sosiologi sastra, sajarah jeung konsép idiologi, sajarah jeung konsép sosiologi sastra, paradigma panaratas tiori sosiologi sastra, jeung paradigma pamekar tiori sosiologi sastra), novel Sunda jeung kamekaranana (wangenan novel, sajarah kamekaran novel, jeung unsur-unsur novel) panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tiori panalungtikan. Bab III métode panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data panalungtikan, sumber data panalungtikan, jeung analisis data panalungtikan. Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan (sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, sosiologi sastra, patalina aspék sosiologi pangarang jeung karyana, sarta patalina aspék sosiologi sastra antara novel *Demung Janggala*, *Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian*, *Galuring Gending*, *Kakarén Révolusi*, jeung *Mandédurma*) jeung pedaran panalungtikan. Bab V medar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan ka hareupna.

Ari Andriansyah, 2021

ULIKAN SOSIOLOGI SASTRA

DINA NOVEL-NOVEL SUNDA KARYA TATANG SUMARSONO

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu